



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY 100 MILYON DOLA POU 50 DISTRI POU SIPÒTE EFÒ
POU KONBAT PÈT APRANTISAJ AKÒZ PANDEMI AN AK ELAJI AKSÈ NAN SWEN
SANTE MANTAL**

50 ditri lekòl ak BOCES ap resevwa sibvansyon pou reponn ak pèt aprantisaj ak sipò sèvis sante mantal yo

Ranfòse ankourajman Gouvènè a pou elaji sipò sante mantal nan lekòl yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a bay 100 milyon dola pou 50 distri lekòl yo ak BOCES pou konbat pèt aprantisaj akòz pandemi an epi bay elèv yo sipò sante mantal. Finansman an pral elaji aksè elèv yo nan entèvansyon ki baze sou prèv pou konbat pèt aprantisaj epi tou ede anplwaye yo ak elèv yo idantifye epi reponn ak pwoblèm sante mantal. Anons jodi a baze sou priyorite Gouvènè Hochul pou ogmante sipò sante mantal pou elèv yo.

"New York ap fè investisman istorik pou asire tout elèv nou yo sou chemen siksè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ede pwofesè nou yo ak estaf lekòl nou an detèmine kote elèv yo te tonbe dèyè epi bay elèv yo resous enpòtan ki nesèsè pou sipòte sante mantal yo, espesyalman apre pandemi an."

15 distri lekòl ak BOCES atravè eta a te resevwa Sibvansyon Pwogram Lekòl pou Rekipere Pèt Aprantisaj akòz COVID (RECOVS). Finansman an pral elaji aksè elèv yo ak pwofesyonèl rekiperasyon akademik pou kontrekare pèt aprantisaj; amelyore kapasite pou anplwaye lekòl yo ak elèv yo idantifye pèt aprantisaj; aplike pratik ki baze sou prèv ak prèv ki baze sou pèt aprantisaj lekòl la ak pratik rekiperasyon akademik; epi asire estabilite finansye pou opòtinite rekiperasyon akademik ki baze nan lekòl.

40 distri lekòl yo ak BOCES te resevwa sibvansyon RECOVS pou Sante Mantal ki elaji epi sipòte pratik ki ankouraje sante mantal ak byennèt, amelyore kapasite pèsonèl ak elèv yo pou yo idantifye pwoblèm sante mantal yo epi ogmante konpòtman k ap chèche èd, epi ankouraje divèsite elèv, ekite ak enklizyon.

Komisè Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa, te deklare, "Finansman sibvansyon RECOVS la souliye angajman nou pou ankouraje aksè ekitab nan opòtinite edikasyon ak sèvis sante mantal pou tout elèv yo. Lè nou rezoud tan ansèyman ki pèdi yo epi nou

bay byennèt elèv yo priorite, nou vize kreye yon anviwònman edikasyon ki enklizif ki pèmèt chak elèv yo pwospere apre pandemi COVID-19 la."

Rektè Konsèy Administrasyon an, Lester W. Young, Jr., te deklare, "Konsèy Administrasyon an ak mwen menm kontan anpil ak finansman enpòtan sa a ki dedye a amelyore byennèt elèv yo ak konbat pèt aprantisaj. Sipò enpòtan sa a pral pèmèt edikatè yo kreye yon anviwònman ankourajan pandan kominote lekòl nou yo ap kontinye travèse defi pandemi an te lakòz."

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen kontan anpil ke atravè 100 milyon dola nan finansman eta ke kòlèg Sena mwen yo ak mwen menm te kapab garanti avèk sipò nan men Gouvènè Hochul, 50 distri lekòl ak BOCES atravè Eta New York pral resevwa sipò finansye yo bezwen pou adrese pèt aprantisaj elèv yo ak defi sante mantal. Mwen kontan espesyalman ke plizyè distri lekòl ke mwen reprezante, Port Chester-Rye Union Free School District, Yonkers City School District, ak distri ki te fè pati aplikasyon Southern Westchester BOCES la, pral resevwa pati nan finansman sa a. Pandan kèk mwa ki sot pase yo, mwen te gen chans vizite lekòl yo atravè eta a – ki gen ladan Canajoharie – pou m obsève travay inovatè lekòl yo ap fè pou adrese pwoblèm egzak sa yo, epi mwen te enpresyone ak efò yo. Avèk sibvansyon sa yo, plis lekòl pral kapab jwenn resous yo tèlman bezwen pou konbat pèt aprantisaj ak pwoblèm sante mantal elèv New York yo."

Senatè Eta John Liu te deklare, "Pèt aprantisaj ak enkyetid sou sante mantal pandemi COVID-19 la kontinye poze yon defi enpòtan pou lekòl yo simonte, kidonk envestisman sa a pral ede timoun ak pwofesè nou yo jwenn sipò yo bezwen pou yo retounen sou wout yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman sa a nan priorize ak elaji sipò sante mantal pou elèv nou yo."

An out 2023, Gouvènè Hochul [te anonse](#) 100 milyon dola te disponib pou distri lekòl yo atravè Pwogram RECOVS pou Pèt Aprantisaj ak Sante Mantal.

Benefisyè RECOVS pou Pèt Aprantisaj akòz Pandemi an:

Distri Lekòl/BOCES	Kantite Lajan ki te Akòde
Amityville School District	1,030,422 dola
Broome Tioga BOCES	4,147,183 dola
Buffalo City School District	2,883,515 dola
Clyde-Savannah Central School District	1,188,000 dola
Cuba-Rushford Central School	308,298 dola
Erie 2-Chautauqua-Cattaraugus BOCES	667,742 dola
Hempstead Union Free School District	5,000,000 dola
Lyons Central School District	1,373,141 dola

New York City Public Schools	19,722,761 dola
Port Chester-Rye Union Free School District	2,400,000 dola
Sodus Central School District	1,308,000 dola
Solvay Union Free School District	1,187,298 dola
Syracuse City School District	5,000,000 dola
Watertown City School District	1,783,640 dola
Yonkers City School District	2,000,000 dola

Benefisyè RECOVS pou Sante Mantal:

Distri Lekòl/BOCES	Kantite Lajan ki te Akòde
Auburn Enlarged City School District	828,421 dola
Baldwinsville Central School District	568,022 dola
Bellmore Union Free School District	431,724 dola
Buffalo City School District	5,000,000 dola
Canajoharie Central School District	163,602 dola
Carmel Central School District	227,432 dola
Clarence Central School District	921,702 dola
Dryden Central School District	231,820 dola
Dunkirk City School District	290,572 dola
East Quogue Union Free School District	663,180 dola
Erie 2-Chautauqua-Cattaraugus BOCES	364,202 dola
Freeport Union Free School District	1,344,000 dola
Gouverneur Central School	508,336 dola
Gowanda Central School District	182,733 dola
Haverstraw-Stony Point Central School District	3,499,312 dola
Hendrick Hudson School District	474,770 dola
Iroquois Central School District	200,000 dola
Liverpool Central School District	3,925,110 dola
Lyons Central School District	1,368,357 dola
Monroe 1 BOCES	373,262 dola
Moravia Central School District	360,880 dola
Oneida City School District	1,000,000 dola
Peekskill City School District	2,207,130 dola
Pine Bush Central School District	503,829 dola
Red Hook Central School District	786,400 dola
Rochester City School District	1,266,800 dola
Roxbury Central School District	231,440 dola

Saranac Central School District	2,487,466 dola
Schenectady City School District	2,491,944 dola
Schodack Central School District	151,852 dola
Shenendehowa Central School District	248,581 dola
South Country Central School District	252,500 dola
South Glens Falls	2,560,877 dola
Southern Westchester BOCES	2,347,319 dola
Syracuse City School District	5,000,000 dola
Tompkins-Seneca-Tioga BOCES	702,556 dola
Tonawanda City School District	1,250,106 dola
Wappingers Central School District	2,527,780 dola
Williamsville Central School District	55,983 dola
Yonkers City School District	2,000,000 dola

Depi lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon, li te ogmante finansman lekòl nan yon kantite rekò — yon total 5 milya dola sou dezan. Ane sa a, Gouvènè Hochul ap pwopoze 35.3 milya dola nan èd lekòl, pi gwo montan nan istwa Eta New York. Bidjè ane fiskal 2024 la bay lekòl New York yo 34.5 milya dola istorik pou ede bay chak elèv zouti pou yo reyisi atravè yon edikasyon ki gen bon jan kalite.

Abòde pwoblèm sante mantal jèn yo te toujou yon priyorite pou Gouvènè Hochul epi li se yon eleman enpòtan nan [plan 1 milya dola](#) istorik li a pou amelyore, elaji ak ranfòse sèvis sante mantal atravè Eta a. Plan an gen ladan 30 milyon dola pou devlope sèvis sante mantal pou timoun ki nan laj lekòl nan tout eta a, ki genyen ladan l 20 milyon dola pou sèvis sante mantal ki baze nan lekòl ak 10 milyon dola pou mete anplas sèvis fòmasyon konplè, ansanm ak chanjman règlemantè pou konble vid nan kouvèti asirans pou swen sante mantal ak sèvis pou pwoblèm itilizasyon sibstans. Sa gen ladan egzijè plan asirans komèsyal yo pou yo kouvri sèvis yo bay nan klinik sante mantal ki nan lekòl yo. Gouvènè a te anonse tou kreyasyon nouvo ekip [Entèvansyon nan Kriz Adomisil](#) ak ekspansyon ekip ki egziste deja yo, ki bay timoun ak jèn ki gen risk yo sèvis sante mantal epi ede yo evite entènè nan lopital sikyatrik.

Ete pase a, Gouvènè a te òganize premye [Somè sou Sante Mantal Jèn](#), ki te reyini ekspè eta ak nasyonal ansanm ak founisè sèvis yo ak pati konsène yo pou diskite sou defi jèn yo rankontre jodi a. Li te mande tou Biwo Sante Mantal Eta New York la ak Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo pou yo fè yon [Toune Ekout sou Sante Mantal Jèn](#) nan tout eta a pou tande timoun yo atravè eta a dirèkteman sou eksperyans yo ak swen sante mantal, ak kijan sistèm nan ka ranfòse.

Nan diskou Eta Leta ane sa a, Gouvènè Hochul te pwopoze mezi ki pral elaji radikalman aksè a sèvis pou timoun, jèn ak fanmi yo. Pwopozisyon yo enkli etabli klinik sante mantal ki baze nan lekòl pou nenpòt lekòl ki vle youn, entwodwi lejislasyon pou limite fonksyon rezo sosyal ki danjere pou jèn yo, etabli nouvo ekip Youth Assertive Community Treat (ACT) ak agrandi pwogram ranbousman prè pou pwofesyonèl sante mantal pou timoun.

Robert Schneider, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon Konsèy Lekòl Eta New York la, te deklare, "NYSSBA sipòte epi apresye investisman dedye eta a nan efò distri lekòl yo ap fè pou yo reponn yon fason agresif ak anpil enpak sou elèv ki asosye ak pandemi COVID-19 la."

Pezidan Pwofesè Reyini Eta New York la (New York State United Teachers), Melinda Person, te deklare, "NYSUT te defann depi lontan pou satisfè bezwen elèv la an antye – enkli sante mantal – kòm yon bagay enpòtan pou siksè akademik. Investisman eta sa yo ap mennen nou pi pre objektif nou pou konstwi salklas ki an sekirite ak bay sipò elèv nou yo bezwen pou atenn tout potansyèl yo."

Michael Mulgrew, Prezidan Federasyon Pwofesè Ini (United Federation of Teachers), te deklare, "Kominote yo nan lekòl nou an toujou ap souffri. Finansman sa a fèt pou rekonèt ak atake reyalyte sa a. Kounye a defi a se asire ke lajan sa yo rive jwenn elèv yo."

Kevin Casey, Direktè Egzekitif SAANYS, te deklare, "Pandan distri lekòl yo kontinye rankontre defi ane ki sot pase yo, administratè lekòl yo idantifye bezwen sante mantal elèv yo ak kominote lekòl la kòm youn nan pi gwo priyorite yo. SAANYS kontan pou l wè resous ki nesèsè yo ap prale nan lekòl nou yo pou satisfè kompleksite elèv yo ak anplwaye yo fè fas chak jou. Nou sèten ke finansman RECOVS yo pral itilize avèk efikasite ak ranfòse travay k ap fèt kounye a."

Director Jennifer K. Pyle, Direktè Egzekitif Konferans 5 Gwo Distri Lekòl lan, te deklare, "Nan non prèske 50 pousan timoun lekòl piblik Eta a ki edike nan 5 gwo distri lekòl yo, nou vrèman rekonesan pou sipò Gouvènè a ak Lejislati a pou pwogram ak sèvis enpòtan yo pou abòde yon pakèt bezwen lekòl nou yo ki gen rapò ak pandemi atravè Sibvansyon RECOVS yo. Resous sa yo pral pèmèt distri lekòl yo finanse pwogram ak sèvis sante mantal ak akademik esansyèl pou yo bese enpak negatif pandemi an. Bezwen 5 gwo distri lekòl yo anpil epi lajan RECOVS yo pral sipòte distri lekòl nou yo nan angajman fèm yo pou asire chak timoun jwenn sipò ki nesèsè pou yo reyisi."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)